



Pou Piblikasyon Imedya: 10/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK LA POU VOYE YON MEDIKAMAN REMDESIVIR COVID-19 BAY FLORID

Medikaman pou ede Florid pran swen 280 pasyan COVID-19 e y'ap livre yo demen

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse ke Eta New York pral voye medikaman Remdesivir COVID-19 la bay Florid paske eta a ap lite anba yon re-aparasyon ka yo. Florid ap rete tann yon lòt pwovizyon nan men gouvènman federal la e New York pral bay ase Remdesivir pou ede eta a pran swen 280 pasyan COVID-19 jiskaske kagezon federal la rive. Kagezon medikaman New York la ap rive nan Florid demen.

"Lè New York te fin about nan monte mòn COVID-19 la ak resous yo ki te ra, jenewozite eta ki nan peyi a te fremi nou, yo menm ki te mobilize pou bay founiti ak pèsònèl medikal nan moman bezwen nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gras ak gwo travay ak sakrifis pèp New York la - ak asistans eta sa yo - nou te pliye koub la. Ak disiplin ki te kontinye nan mete mask ak distans sosyal, ansanm ak yon re-ouvèti pwogresif ki baze sou done, chif New York yo te rete ba e stab. Mwen te di yon lè nou t'ap remèt favè a si epi lè lòt eta yo te bezwen èd. Jodi a, nan non tout Nouyòkè yo, nou pral simaye Remdesivir pou ede Florid pran swen pasyan pandan l'ap tann plis pwovizyon nan men gouvènman federal la. Nou pral kanpe bò kote kamarad Ameriken nou yo a chak pa sou chemen an pandan nasyon nou an ap konbat COVID-19 la ansanm."

Pwovizyon Eta New York bay la pral pèmèt Florid pran swen pasyan jiska demen.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)